



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RENOUVLE APÈL ANKÒ POU YO ADOPTE PWOGRAM 'SITE NON YO' A: 'POLISYE YO DWE FÈ TRAVAY YO, MEN YO PA GEN DWA ABIZE, FÈ MAL, ITILIZE FÒS KI PA NESESÈ' - 'ZEWÒ TOLERANS POU JISTIS KI RETADE'

Cuomo: "Polis yo dwe fè travay yo, pwoteje sekirite piblik la. Genyen abi polisye tou. Genyen abi pouvwa. Manifestan yo - pi fò nan manifestan yo pasifik - yo endinye. Se yon endinyasyon ki jis. Mwen pa wè okenn moun ki ka wè videyo Mesye Floyd la epi pou li pa endinye. Mwen pa konprann ki jan ou ka fè wè asasinay sa sou videyo anrejistre epi pou pa santi ke ou outraje. Mwen te di depi premye jou a, mwen pataje outraj sa a".

Cuomo: "Mwen te di touswit apre Buffalo, mwen panse DA a ta dwe gade li. Mwen panse ke te gen responsabilite kriminel nan sa mwen te wè nan videyo a. Mwen panse sa Majistra a te fè a ak sa Pwokirè Distri a te fè a te dwat e mwen aplodi yo paske yo te aji rapidman jan yo te fè a".

Cuomo: "Pa gen okenn tolerans pou jistis retade nan sosyete a ankò. Jistis ki retade se jistis ki refize. Mwen panse ke nan Minnesota, yo te lage tèt yo nan pwoblèm lè Pwokirè Distrik a te soti epi li te di, 'Ebyen m'ap gade. Mwen ap panse. Mwen konnen bagay ke ou pa konnen'. Moun pa pral tande sa ankò. Ou konnen bagay ke mwen pa konnen. Di mwen sa ou konnen. Di mwen sa ou konnen ki diferan pase sa mwen te wè nan videyo a. Mwen te wè videyo a. Mwen te wè sa ki te pase a".

Pi bonè jodi a nan yon konferans kotidyen pou laprès, Gouvènè Andrew M. Cuomo te renouvle apèl li pou adopsyon pwogram refòm 'Site Non Yo' (Say Their Name) a, ki di ke polisye yo dwe fè travay yo men yo pa gen dwa pou yo abize, epi sosyete sa a pa gen tolerans ankò pou jistis ki retade.

Pwogram Refòm 'Site Non Yo' a gen ladan:

- Pèmèt transparans nan dosye disiplinè ofisye fòs delòd anvan yo nan refòm 50-a nan lwa sou dwa sivil la;
- Entèdi etoufman ke ofisye fòs delòd yo ap komèt;
- Entèdi fo rapò 911 ki baze sou ras epi fè yo tounen yon krim; epi
- Dezinye Pwokirè Jeneral la kòm yon pwokirè endepandan pou zafè ki gen rapò ak lanmò sivil san zam ke fòs delòd yo koze.

VIDEYO pou gade deklarasyon Gouvènè a disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan fòm kalite Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

ODYO evènman jodi a disponib [isit la](#).

FOTO yo pral disponib sou [paj](#) Flickr Gouvènè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)